



TETEPUNGAN KARO:

Ibu Dra. H. Dewi Motik Pramono, Wanita Pengusaha Kang Sukses

NGADHEPI resesi ekonomi kang sa ya suwe saya mrihatinake, diajab para wanita pengusaha kudu luwih ulet lan tetep nglestarekake watak mandiri kareben usahane dadi saya maju. Resesi ekonomi pancen ana pengaruhhe, utamane ing pusat perdagangan. Lha si pat mandiri iku mujudake bab kang wigati kanggo mrantasi resesi mau, awit bisa dadi panjurung nganakake kerjasma karo liyan. Sarana sipat kang mangkono wanita pengusaha diajab bisa nyla

rasake karo kahanan resesi taun 2000. Ing taun 2000, wanita pengusaha dituntut kudu bisa "berfikir" positif. Tegese, bisa nampa informasi saka njaba banjur disaring endi sing apik ditrapake slaras karo bidhang usahane dhewe dhewe. Bab sing pungkasan iki wigati banget tumrap kaum wanita sing emosional. Yen wanita pengusaha mau bisa milah milahake endi sing apik lan bisa ditrapake ing bidhang usahane, cetha ora bakal ana oncor-oncoran antarane wanita



Ibu H. Dra. Dewi Motik Pramono. (Foto: Pud)***



Ibu Dewi nalika dipotret bareng karo garwa lan putrane. (Foto: Dok)***

pengusaha.

Mangkono antara liya pratelane salah sijine wanita pengusaha sukses, Ibu Dra. H. Dewi Motik Pramono, ing wawancara khusus karo "Panjebur Sema ngat" bab wanita pengusaha ngadhepake taun 2000. Tekane Ketua IWAPI (Ikatan Wanita Pengusaha Indonesia) ing Surabaya, minangka rerangken acara Seminar "DIMENSI KEHIDUPAN WANITA DI AKHIR ABAD XX" sing di anakake "Lionnes Club Surabaya ing Rengganis Hotel. "ELMI" dina Sabtu tengahing Pebruari kepungkur. Ibu rumah tangga peputra loro iku, kebageyan tugas menahi ceramah judhul "Peningkatan Peranan Wanita Dalam Bidang Wiraswasta Dan Profesi Lain" Ing sela-selaning ngaso dhahar awan, bu De

wi merlokake ngobrol karo "Panjeban Semangat" suwene setengah jam. Kanthi grapyak semanak, wanita pakulitane ku ning langsep iku mangsuli sawernaning pitakonane "Panjeban Semangat"

Wanita kang dhuwure 168 cm bobote 53 kg. iku, sabanjure nerangake manawa maju orane bidhang perdagangan, saora-orane uga gumantung marang para wanita pengusaha khusus sing kagabung ing IWAPI. Mula yen para pengusaha mau oncor-oncoran tur ora bisa rukun, cetha "bisnis" perdagangan ora bakal maju. Sing apik, saben pengusaha kudu bersatu lan ngembangake usahane nuju suksese bidhang perdagangan mau. Mangsuli pitakonan, wanita kelairan Jakarta tanggal 10 Mei 1949 iku ngandhakake manawa olehe dadi pengusaha wiwit umur 15 taun. Nalika semana panjenengane bareng karo mbakyune (ibu Kemala Motik) mbukak usaha "catering" ngrangkep dadi tukang sepatu cilik cilikan kanthi pituduh saka rama lan ibune. Usaha mau ditlateni bae, pungkasan berkembang nganti saiki lan wis ora kerjasama karo bu Kemala.

Ngimpun 700 tenaga kerja.

"Saka sedulur enem iku, nyatane sing cocog dadi pengusaha ya mung aku tur bisa lestari. Kejaba catering, aku uga mbukak usaha liya khusus bidhang industri. Nanging tetep ora bisa ninggalake usaha catering, awit iku dak anggep bibit wiyatan nganti aku sukses kaya nge-ne", pratelane wanita kang uga ngasta dadi Direktur PT. ARRISH RULAN ing Jakarta. Ibu Dra. Dewi Motik sing wis tindak haji kaping papat (taun 1968, 1973, 1977 lan 1984) iku, saiki kasil ngimpun tenaga kerja kehe 700. Sa nadyan wis repot ngurusi usahane, ewa semana putri nomer telu putrane Bapak Basyarodim Radja Motik (wiraswasta) isih nduweni tugas liya maneh ing bidhang organisasi. Dosen Akademi Kewanitaan ing ISWI Jakarta iku, saiki uga oleh kapercayan dadi Ketua Komite Pendidikan & Latihan Kadin Pusat Pengurus PMI Pusat lan Dewan Latihan Kerja Nasional Kadis Pusat.

Seneng sandhangan adat Jawa

Sarjana lulusan IKIP Jakarta jurusan Pendidikan (1970) lan Fakultas Seni Rupa ing "Florida International University" San Fransisco AS, (1974) ngandhakake manawa resepe dadi pengusaha iku mung temen lan tliti. Sing wigati maneh, tansah mbudidaya ngembangake bidhang usahane slaras karo kemampuan modal lan tenaga. Miturut Bu Dewi kesuksesane anggone ngelola usaha mau ora bisa uwal saka partisipatine kulawarga utamane garwane yaiku Ba-

pak Pramono (ahli computer) "Sana dyan aku repot, nanging tanggung jawabku minangka ibu rumah tangga tan sah dak utamakake. Wanita iku ratune rumahtangga, mula yen nganti ngliwakake tanggung jawabe, cetha rumah tangga gane morat marit. Pungkasane sing dadi kurban mesthi anak" pratelane Bu Dewi sing krama taun 1975,

Ibu rumah tangga sing hobbyne maca lan musik iku, dhek taun 1974 kasil dadi "Top Model" tingkat Nasional. Ora nggumunake awit panjenengane pancen kalebu peragawati sing kerep pentas ing njaban rangkah, sing dipamerake mung winates marang sandhangan nasional Jawa. Mulane Bu Dewi Motik saiki nduweni koleksi sandhangan Jawa kehe 140 dene motif jarit sing disenengi yaiku Kawung lan Sidomukti. Mangsuli pitakonan bab menyang ngendi bae olehe pentas lan mamerake sandhangan Jawa mau, wanita sing rekrmane dawane 1.5 meter iku nate pameran lan pentas menyang Amerika, Timur Tengah, Eropah,

Wlija

WLIIJA utawa bakul ideran, tak kira para maos wis padha pira kabeh. Utamane para ibu kang pancen cedhak karo apa kang disebut wlija iki. Biasane sing wlija iki para wanita, sanajan priya uga ana nanging sing akeh para wanitane. Kanthi sabar lan tlaten nyunggi lan nggendhong dagangane ditawakake mlebu metu omah. Dalan-dalan kang blethok ora dadi alangan betheke kabeh mau kanggo nyukupi butuhe urip. Malah saiki akeh kang padha numpak sepedha, utamane ing Surabaya.

Ibu-ibu kang manggon ing kompleks perumahan, dalah para ibu sing adoh pasar pancen akeh nggunakake jasanya wlija iki. Regane kaceke ora sepiroa, ora ndak sara-sara mlaku menyang pasar. Wlija kang rada gedhe dagangane warna-warna, meh kaya pasar mlaku. Ana sayur, daging, iwak, buah-buahan lan jajan. Arep masak apa kari milih wae, lan mesthi wae kudu mbayar kontan. Nanging yen wis langganan "Nglatar mburi" alias ngebon uga kena anggere ora suwi-suwi wae.

Blanja wlija iki ana untung lan ana rugi uga. Untunge kita ora susah sara-sara mlaku menyang pasar, kebutuhan para won wis mara dhewe. Rak ngirit energi tarane. Kanthi blanja menyang wlija, kita ora akeh pilihane. Iwak sak anane dagangane wae, dadi metune dhuwit bisa kita kontrol.

MUTIARA RINONCE

*Uberen wektu kuwi, aja nganti kowe diuber wektu.****

New York, Australia lsp. Miturut rancangan, suk April uga pentas ing Beijing lan Taipeh.

Ibu rumah tangga sing ngaku ketemu pemudha Pramono ing pesta dansa dhek taun 1966 iku, ngandharake manawa babarpisan ora nate kangelan anggon mbagi wektu, Sawise sholat Tahajud udakara jam 02.00-03.00 WIB, panjenengane merlokake maca buku literatur apa bae sing dianggep migunani. Sembahyang subuh dileksanani jam 04.30 WIB. Sabanjure nyiyapake sarapan lan kebutuhan garwa lan putrane. "Yen kabeh wis padha budhal, nembe aku nyiyapake kegiyatanku dhewe. Mula selawase aku ora nate kangelan mbagi wektu. Kosok baline, wong sing paling susah iku sejatine wong sing kakehan wektu nanging ora nduweni kegiyatan babarpisan" pratelane bu Dewi mungkasi patemonane karo "Panjeban Semangat". (Pud)***

Sebab wis dadi pakulinan manawa tindak menyang pasar dhewe jgawa dhuwit pira-pira mesthi entek. Arep masak rawon karepe, nanging ora sida amarga weruh bandeng sing gedhe-gedhe, sarta buah-buahan kang mencutake. Sidane menu dina iki ora karuwan, lan dhompet wis kuru.

Saiki bab rugine. Karana dagangane dijajakake menyang omah-omah, mangka kadhang-kadhang adoh mlakune, mesthi wae rega-regane luwih larang tinimbang ing pasar. Pilihane karo maneh ora bisa ombor, ora kaya yen kita milih dhewe ing pasar. Durung maneh isih ana pe nyakite. Apa kang kita tuku dikandhakake marang tangga-tangga kita. Dadi yen lagi tanggal tuwa menu kita kang gonta-ganti antarane tahu lan tempe bae, ora mokal yen tangga pucuk gang bakal weruh.

Mesthi wae kabeh iki sumber ya bakal kule sing ditakoni dening tangga kita kang kurang gaweyan. Durung mengkon yen bakule alangan ora dodol, tiwas cengkluhan ngenteni jebul ora dodol. Wah ya rada kapiran.

Entek-entekane kita banjur tuku mate ngan kang tundhone ngrusak etungan utawa mung trima lawuh endhog utawa lawuh kalengan..

Wusana nyumanggakake, blanja wlija utawa menyang pasar dhewe. Kabeh iku pancen ana kurang luwihe. Samubarang ing ndonya ora ana kang sampurna. Mung manungsa kang pinter milih, diwas saka situasi lan kondhisine kang asring nemu beja.

Nuwun (Ny.Sri Slamoen)***